

# Rezime Jeneral sou Klas Premyè Ane

## Matematik

Nan klas premyè ane, elèv yo ap:

- Poze ak rezoud pwoblèm adisyon ak soustraksyon.
- Konprann ak aplike pwopriyete operasyon yo ak relasyon ki genyen ant adisyon ak soustraksyon.
- Fè adisyon ak soustraksyon jiska 20.
- Travay ak ekwasyon ki gen adisyon ak soustraksyon.
- Kontinye aprann konte an sekans.
- Konprann plas pozisyon nimerik.
- Itilize konpreyansyon pozisyon nimerik ak pwopriyete operasyon pou fè adisyon ak soustraksyon.
- Mezire longè endirèkteman ak repete inite longè.
- Di ak ekri lè.
- Prezante ak entèprete enfòmasyon.
- Rezone fòm yo ak karakteristik yo.

## Kominikasyon Oral/Ekri

Nan klas premyè ane, elèv yo ap:

- Li literati ak tèks edikatif ki nan nivo klas avèk konpreyansyon
- Devlope teknik fondamantal pou alfabetizasyon:
  - Enprime konsèp
  - konpreyansyon fonolojik
  - rekonèt son ak mo
  - pale kouramman
- devlope yon konpreyansyon nan literati ak tèks enfòmatif:
  - ide prensipak yo ak detay
  - travay manyèl ak estrikti
  - entegrasyon konesans ak ide
  - kategori lekti ak nivo kompleksite tèks yo
- ekri pou diferan kalite tèks ak pou diferan objektif.
- Pwodui ak distribye tèks.
- Rechèch pou prepare ak prezante konesans.
- Devlope règ pou estanda Anglè.
- Devlope akizisyon ak izaj vokabilè.
- Devlope konpreyansyon ak kolaborasyon pou pale ak koute.
- Devlope prezantasyon konesans ak ide yo.

## KÒMAN MWEN KAPAB PRAN AVANTAJ SOU KANÈ A POU EDE PITIT MWEN?

Kanè ki baze sou estanda ofisyèl yo bay enfòmasyon detaye sou fason pitit ou ap travay nan chak matyè. Ou pral wè si elèv yo bezwen plis asistans nan kèk domèn oswa lè yo menm bezwen jwenn travay ki pi difisil pou yo fè. Pandan n ap itilize estanda ki klèman defini, pwofesè ak paran yo kapab travay ansanm pou asire elèv yo reyisi. Pandan reyinyon paran-pwofesè yo:


- Mande pou wè modèl travay pitit ou te fè, pale ak pwofesè a pou w mande si echantiyon travay li te fè yo satisfèzan oswa mande kòman pitit ou ta kapab travay pi byen ;
- Mande pou resous ki disponib nan chak matyè pou w kapab ede pitit ou reyisi oswa atenn objektif edikatif li.

Yo fè kanè yo pou yo kapab kominike ak paran yo; kanè yo dwe itil epi fasil pou konprann. Si ou gen kesyon oswa pwoblèm konsènan kanè lekòl oswa sijesyon pou nou kapab fè kanè a pi fasil pou konprann, tanpri, kontakte pwofesè pitit ou a oswa vizite sit entènèt distri lekòl la:

<http://www.palmbeachschools.org/parents/ElemReportCard.asp>

Yon gid pou  
Paran sou  
Kanè nan Nivo  
Elemantè

Klas Premyè Ane



# KESYON MOUN POZE PI SOUVAN SOU KANÈ KI BAZE SOU ESTANDA OFISYÈL YO

## KISA ESTANDA OFISYÈL FLORID YO YE?

An 2014, Florid te adopte yon seri objektif aprantisaj nan matematik ak kominikasyon ora/ekri ki pi egzijan li rele pa l – Estanda Ofisyèl Florid pou Matematik ak Anglè /Kominikasyon Oral/Ekri, Estanda Ofisyèl Eta Florid bay detay klè ak konsistan sou nosyon elèv yo bezwen aprann lekòl. Estanda Ofisyèl sa yo dwe solid ak enpòtan nan mond pratik la, reflekte konesans ak aptitud jèn nou yo bezwen genyen pou reyisi nan etid inivèsité ak karyè pwofesyonèl yo. Pou lòt matyè tankou syans, syans sosyal, sante, atizay ak edikasyon fizik, se Nosyon Fondamantal Debaz Eta Solèy la pou Jenerasyon k ap vini an (NGSSS) ki sèvi pou detèmine nivo kapasite elèv la.

## KISA PWEN DAKSÈ ESTANDA OFISYÈL FLORID YO YE?

Pwen Daksè Estanda Ofisyèl Florid yo reflekte konsèp kle Estanda Florid yo avèk nivo kompleksite redui. Yo ekri yo pou asire entansyon esansyèl nosyon yo, pou elèv ki gen anpil difikilte pou aprann, ki aplikab pou tout elèv ki nan menm nivo klas la. Ekip IEP a ap detèmine bezwen pou Pwen Daksè yo. Pwogrè atravè Pwen Daksè nivo klas la ap nan kanè a epi y ap itilize Kòd sou Pèfòmans ak Kòd Estanda yo.

## KI DIFERANS KI GENYEN ANT KANÈ ESTANDA OFISYÈL YO AK KANÈ TRADISYONÈL YO?

Nan kanè tradisyonèl yo, elèv yo resevwa yon nòt pou lekti, yon nòt pou matematik, yon nòt pou syans, elatriye. Nan nouvo kanè ki baze sou estanda ofisyèl yo, chak matyè sa yo divize an plizyè sijè ak yon lis divès konpetans ak konesans elèv yo aprann ak metrize. Elèv la resevwa yon nòt apa pou chak estanda. Nòt elèv la resevwa yo montre nivo pwogrè byen detèmine li akonpli nan matyè a pou klas li.

Konpetans elèv la akeri a rapòte separeman, parapò ak efò li fè. Avèk sistèm kanè ki baze sou estanda yo, gen plis objektivite nan fason yo evalye elèv yo parapò ak yon seri estanda ofisyèl fiks pou chak nivo klas. Ansyen sistèm tradisyonèl pou bay pwen ak lèt alfabè gen plis sibjektivite nan fason chak pwofesè ekspriye fason y ap evalye efò ak pwogrè elèv.

## KI JAN KANÈ A EVALYE PWOGRE PITIT MWEN AN?

Kanè a ap itilize kat senbòl pèfòmans diferan pou make pwogrè pitit ou ap fè pou satisfè NGSSS Florid la ak estanda ofisyèl debaz Eta a pou Matematik ak Anglè, Kominikasyon Oral/Ekri. Tablo adwat la bay yon espikasyon detaye sa chak senbòl pèfòmans sa yo vle di. Elèv la ap gen yon senbòl pèfòmans pou chak matyè yo pandan chak trimès. Anplis, chak nosyon fondamantal yo ap resevwa yon senbòl dapre jan sa esplik nan tablo adwat la.

## KÒD PÈFÒMANS YO

- Baze sou pwogrè vize pou satisfè estanda ofisyèl nivo klas yo.
- Baze sou pwogrè ki vize pou satisfè Pwen Daksè estanda ofisyèl nivo klas yo.
- EX Trè Byen** – Demontre aptitud jeneral apwofondi/devlopman konsèp ki satisfè ak pi souvan depase estanda ofisyèl nivo klas la
- PR Satisfèzan** – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki satisfè estanda ofisyèl nivo klas la
- AP Pasab** – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki se kòmansman pou satisfè estanda ofisyèl nivo klas la
- ND Bezwen Devlopman** – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki vrèman pi ba pase estanda ofisyèl nivo klas la

## KOD ESTANDA OFISYÈL YO yo bay pou chak nosyon

- X** Elèv la satisfè nivo nòmal yo
- #** Domèn kritik
- O** Pa t evalye nan trimès sa a

Pou plis enfòmasyon sou Estanda Ofisyèl Eta Florid, vizite: [www.cpalms.org](http://www.cpalms.org)  
Pou plis enfòmasyon sou kanè lekòl primè elemantè, vizite :  
<http://www.palmbeachschools.org/parents/ElemReportCard.asp>